



Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ MODÈNIZASYON 50 MILYON DOLA A NAN BRASRI GENESE KI GEN 146 ZAN AN NAN ROCHESTER**

***Finansman Eta a ap sipòte mizajou pwojè a pou kreye yon etablisman anbalaj klas mondyal nan Rochester, konsève 500 djòb epi kreye jiska 57 nouvo djòb***

***Envestisman an konplete "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon gwo pwojè revitalizasyon pou selèb Brasri Genesee a nan Vil Rochester. Etablisman 146 lane a ap antreprann yon renovasyon 50 milyon dola pou transfòme bilding lan an yon etablisman anbalaj klas mondyal, k ap ogmante kapasite fabrikasyon bilding lan epi pèmèt gen plis efikasite nan sit la. Konpayi an ap planifye kreye jiska 57 nouvo djòb nan etablisman an sou de pwochen ane yo anplis konsève plis pase 500 travayè nan Rochester, epi l ap itilize etablisman an pou apwovizyone pwodiksyon Kanadyen an ak chajman liy byè renove Labatt Blue ak Labatt Blue Light li yo – k ap fè li premye etablisman ki pwodui liy pwodui sa yo nan Etazini. Eta New York te ofri yon sibvansyon kapital 7 milyon dola bay konpayi paran Genesee a, FIFCO USA, pou ede nan mizajou modènizasyon yo.

"Brasri Genesee te yon anplwayè fyab nan kominote Rochester a pandan plis pase yon syèk, e investisman ki pote transfòmasyon sa ap ede kenbe li nan Eta New York pou jenerasyon k ap vini yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York ap eksperimante yon renesans nan fabrikasyon, avèk plizyè milyon dola nan evestisman ak anpil djòb byen peye k ap vini nan eta nou an, e administrasyon mwen an angaje pou ede biznis tankou Brasri Genesee yo devlope prezans yo nan New York epi ede ekonomi nou an bouje pou pi devan."

Pwojè sa ap ogmante kapasite brasri a ak enstalasyon nouvo rezèwa ak ekipman, apre yon premye faz investisman 50 milyon dola nan etablisman Rochester a an 2018. Konpayi an te ouvri Genesee Brew House an 2012, ki prezante yon mize sou plas, restoran, ak brasri pilòt ane pase a ki te atire plis pase 400,000 moun nan kote a sou tout bèl Rivyè Genesee nan anba lavil Rochester. Genesee Brew House te resewa tou tw pri nan Konpetisyon Byè Atizanal Eta New York la an 2023 avèk byè Helles yo a, yon byè blon lejè ki te ranpòte pri meyè nan espektak Excelsior Craft Beer Cup (Koup Byè Atizanal Excelsior) Gouvènè a.

Brasri Genesee ki te etabli an 1878, se brasri Eta New York ki pi ansyen, epi se yonn nan brasri ki pi ansyen ki toujou kontinye ap fonksyone nan Etazini. Brasri a fè liy byè klasik Genesee, ansanm ak liy popilè Seagram, Escapes, Te Glase Lipton Hard ak plizyè mak pou gwo konpayi bwason alkowolik atravè peyi a.

**PDG FIFCO USA a, Piotr Jurjewicz te deklare,** "Angajman Gouvènè Hochul nan brasri nou an te ede semante desizyon pou envesti 50 milyon dola pou modènize epi devlope kapasite nou pou jenerasyon anplwaye lokal k ap vini yo. Nan kolaborasyon ak brasè Kanadyen nou an, nou te brase Labatt ak menm resèt egzak ak kalite engredyen yo ki bay Labatt Blue ak Blue Light bon savè ak kalite ke moun yo ap tann lan. Plizyè santèn anplwaye eta New York nou yo kontan pou ede reponn a demann k ap ogmante pou Labatt la pandan n ap devlope kapasite nou tou pou atire patnè brasri sou kontra atravè peyi a."

Nan yon efò kontini pou benefisye de ekosistèm brasri, etablisman vinikol ak distiyri dinamik eta a, administrasyon Gouvènè Hochul la te travay nan kolaborasyon ak endistri a pou sipòte yon renesans nan bwason atizanal la nan tout New York. Bidjè Ane Fiskal 2025 ki adopte resaman an genyen ladan l yon ekstansyon vant bwason alkowolik nan restoran ak ba pou senk lane, epi nan mwa oktòb 2023, [Gouvènè a te siyen jodi a yon pake lejislasyon](#) pou amelyore lwa New York ki gen rapò ak bwason ki gen alkòl nan yon pou ogmante opsyon pou konsomatè yo epi sipòte ti biznis New York nan sektè bwason ki gen alkòl la.

New York klase pami senk premye eta pou kantite brasri, sidri, distiyri, ak etablisman diven. Lis fabrikan bwason atizanal li a genyen ladan l plis pase 450 etablisman diven, 500 brasri, 200 distiyri ak 100 sidri ak idwomel. An jeneral, New York se fwaye 527 brasri atizanal ak 11 gwo brasri epi yo te plase enpak ekonomik total endistri byè a nan eta a 5.4 milya dola.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Endistri bwason Eta New York la ap bouyonnen epi pwospere gras ak konpayi tankou FIFCO ak Konpayi Genesee Brewing lan. Bravo tou pou angajman inebranlab Gouvènè a ki se yon engredyen kle pou sipòte pwodikè bwason atravè eta a pandan y ap devlope mendèv yo epi alimante opòtinite ekonomik yo."

**Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare,** "Istwa Brasri Genesee Brewery mele ak istwa vil nou an, epi avèk pwojè modènizasyon sa, Eta New York ap garanti ke yo kontinye jwe yon pati entegral nan avni Rochester. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Empire State Development dèskè yo fè envestisman sa k ap sipòte nouvo travay, nouvo opòtinite pou anba lavil la, epi kontinye pote siksè pou konpayi ki pi anblematik Rochester yo."

**Manm Asanble Demond Meeks, te deklare,** "Mwen fyè pou wè kalite angajman finansyè enpòtan sa fèt pou amelyore Brasri Genesee istorik Rochester a. Envestisman

sa ap ede amelyore operasyon yo pandan l ap pèmèt biznis anblematik sa konsève estati li antanke yon destinasyon istorik nan Lwès New York. Ekspansyon enpòtan sa ap bay plis opòtinite travay pou sipòte rezidan ak fanmi nou yo tou. Pandan n ap pran mezi pou revitalize vil nou an, li enpòtan ke nou rete konsyan pou sipòte biznis lokal nan tout kominote nou an. Nou rekonesan pou sipò Gouvènè Hochul ak FIFCO k ap dirije pwojè 50 milyon dola sa pou Brasri Genesee ke nou renmen anpil la.”

**Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare,** “Toutotan Brasri Genesee ap grandi, se toutotan mendèv lokal ak repitasyon li antanke lidè nan sektè alimantasyon ak bwason modèn nan. Anons etap jodi a ranfòse peyizaj ekonomik nou an epi kontinye yon tradisyon ekselans ki date depi prèske 150 lane. Mèsi FIFCO USA dèske ou rekonèt ke Konte Monroe se yon bon kote pou devlope biznis li epi mèsi a Empire State Development ak Gouvènè Kathy Hochul pou investisman kontini nan avni kominote nou an. Mwen pa ka tann nouvo opòtinite pwojè sa ap brase pou kominote nou an.”

**Majistra Vil Rochester Malik D. Evans te deklare,** “PDG FIFCO USA, Piotr Jurjewicz, ak tout ekip nan Brasri Genesee a te montre angajman solid yo san rete pou Rochester, e investisman nan ekspansyon enpòtan sa se prèv de sa. Genesee se youn nan mak ki pi anblebatik nan Rochester, epi FIFCO USA se youn nan anplwayè ki pi enpòtan nou ak antripriz sitwayen nou apresye. Mwen vle remèsye yo, ansanm ak Gouvènè Kathy Hochul ak Empire State Development pou sipò ekstraòdinè yo nan pwojè sa atravè Finger Lakes Forward. Nou tout ap travay ansanm pou kreye yon Rochester ki pi sekirize, ekitab epi pi pwospere lè nou enspire lespwa epi bay opòtinite pou tout moun.”

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Greater Rochester a ak Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, te deklare,** "Nou pwolonje rekonesans nou a Gouvènè Hochul ak FIFCO pou sipò ak lidèchip vizyonè yo dèske yo dirije pwojè modènizasyon 50 milyon dola sa pou Brasri Genesee anblematik la. Avèk angajman sa, nou p ap sèlman ranfòse kapasite etablisman nou yo epi kreye djòb, men n ap fè listwa. Investisman estratejik sa ap ranfòse plas Rochester sou sèn brasri mondyal la epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans ekonomik ak inovasyon nan kominote nou an.”

**Prezidan ak PDG Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te deklare,** “Desizyon FIFCO USA nan reyon Greater Rochester, NY la pran akòz nati eksepsyonèl e kolaboratif endistri fabrikasyon bwason an k ap pwospere isit la, ki sipòte pa moun ki talantye ki gen ekspètiz nan tretman ak anbalaj bwason. Nou apresye repons eksepsyonèl pou opòtinite sa de Eta New York, Konte Monroe, Vil Rochester, ak patnè devlopman ekonomik RG&E yo ki te kowòdone yon apwoch efikas pou sipòte ekspansyon sa. Mwen konfyan ke atou sa yo ap ede FIFCO reyalize plan kwasans alontèm li.”

**Direktè Egzekitif Asosyasyon Brasri Eta New York, Paul Leone te deklare,** "Antanke brasri ki pi ansyen nan New York, Brasri Genesee kontinye yon refij pou endistri brasri a ann antye nan eta a. Investisman nan etablisman an alafwa pa FIFCO USA ak Eta New York vle di ap gen plis byè ak plis travay ki fèt nan rejyon nò

New York la. Investisman sa ap ede konsève endistri brasri atizanal eta a, ki se youn nan pi solid nan peyi a.”

Pou plis enfòmasyon sou Brasri Genesee, vizite: <https://www.geneseebier.com/>.

Pou plis enfòmasyon sou FIFCO USA, vizite: <https://www.fifcousa.com/>.

### **Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplèman "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè reyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle yo sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York la ([www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov)). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se ajans administratif prensipal tou k ap sipèvizè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) yo ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", ki se mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)